ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№231 (22.889) ● 2014 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хиубыдэу зыхуагъэувыжа мурадхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэмрэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хиубыдэу зыхуагъэувыжа мурадхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэмрэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ.

2. Къэру имыІэжу кІэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хиубыдэу зыхуагъэувыжа мурадхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэмрэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ щыІэ советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкІа Указ №80-УГ-м

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м*
*№232-УГ*

*(Указым и гуэдзэныр 2-нэ нап.)*

# КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий яІуощІэ зи щхьэ ІуэхукІэ зыкъыхуэзыгъэзахэм

**КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ яхуэзащ зи щхьэ ІуэхукІэ къыхуэкІуа щІыхуибгъум.**

АХЭР къызытекІухьахэм ящыщт республикэм зыхуэбгъадэ хъун и щІыуэпсыр хъумэным, экологием, псыкІэ къызэгъэпэщным, гъэгухэр ухуэным, Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу егъэжьэным, гъэмахуэ хъупІэкэр тэмэму къэгъэсэбэпным, жыг хадэкэр гъэкІыным, уней мэкъумэш Іуэхущ Іапіэхэм зэрызыщІагакъуэ щыкІэр нахуэу щытыным, Налшык къалэм психологие дэІэпыкъуныгъэ щрат центр къыщыізэухыным, псэупІэм, лэжьыгъэ Іэнатіэм пыщІа Іуэхуэкэр.

Белая Речкэ къуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэм КЪБР-м и Іэтащхьэм лъэІукІэ зыхуагъэзащ Республикэ клиникэ сымаджэщым я сабийр зэрыщІэлІыхьам и щхьэусыгъуэр эхагъэкІыу къуаншэкэр жэуапым ирашэлІэну.

Хьэбзэ жылагъуэм къикІар поплъэ жьы дыдэ хъуа унэм къыщыщІагъэІэпэхъукІынум.

Зыхэплъа лъэІуэхэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ япкъ иткІэ республикэм и Іэтащхьэм зыхуэфащэ министерствэхэмрэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ, щыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ органкэм пщэрыльрэ ящищІащ зытепсэлъыхьа гуныкъуэгъуэхэр зэфІагъэкІынымкІэ.

Мы илъэсыр къызэрихьэрэ КІуэкІуэ Юрий я щхьэ ІуэхукІэ зыкъыхуэгъэзащ цІыху 224-м.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ и пресс-Іуэхущ Іапіэ.***

# ЩІэблэр гъэсэным егъэпІейтей

● Къэрал Думэм

**Къэрал Думэм и депутатхэр иджыблагъэ яІущІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІауэ МГИМО-м щеджэхэм. Іуэхур къыззэрагъэпэщащ Думэм Мылъкумкіэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Быф Анатолий и жэрдэмкІэ (КПРФ фракцэ). Абы хэтащ Федеральнэ ухуэкІэмрэ щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Геккиев Заур («Урысей зэкъуэт» фракцэ).**

МГИМО-м щеджэхэм, ар къэзыуахэм я зэгухьэныгъэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ **Къаскъул Аслъэн** зэІуІэм щІэсхэр къыхуриджащ ГъащІэм епха Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ яІэ гупсысэхэмкІэ зэдзэгъэшэну иКІи къыхиГъэщащ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Сыту жыпІэмэ, ар сэбэп мэхъу депутатхэр щІыхубэм япыщІауэ щытыныжкІэ, щІалэгъуалэр Урысей Федерацэм и хабзэубзыку Іэнатіэм и лэжьакІэм щыгъуазэ хуэщІыныжкІэ.

Быф Анатолий жиІащ студентхэм я упщІэ псоми жэуап иритыну зэрыхьэзырыр. Апхуэдэуи ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ езыр зыхэт комитетым игъэзащІэ Іуэхугъуэхэм.

МГИМО-м и лІыкІуэхэм я пашэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ управленэм и унафэщІ **Суровцев Станислав** и псалъэм къыхигъэщащ студентхэр фІы дыдэу зэреджэм къыдэкІуэу, жылагъуэ Іуэхуэхэм жыджэру зэрыхэтыр.

ЕджапІэ нэхъыщІыкІэм зэлъахэгъуэхэм я зэпыщІэныгъэхэмкІэ и советым и унафэщІ **Дедаханов Музаффар** жиІащ и нэІэ щІэт къудамэм лъэпкъ зэгухьэныгъэу 35-рэ къызэрызэщІиубыдэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гупым абы кьалэн лъагэхэр зэрыщагъэзащІэр.

МГИМО-м щеджэхэм, ар къэзыуахэм я зэгухьэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и къызэгъэпэщакІуэ, аспирант **Сэралъп Тембулат** къыхигъэщащ ахэр студентхэр гъунэгъуу зэрыгъэцІыхьуным, еджэныгъэм хэшэным зэрытелажьэр. Ар тепсэлъыхьащ къызэрагъэпэщ Іуэхугъуэхэм, адрей зэгухьэныгъэхэм хуаІэ пыщІэныгъэхэм. ЗэІуцІэм щІэсхэм гу лъагэрэ зэрыщагъэзащІэр.

МГИМО-м щеджэхэм, ар къэзыуахэм я зэгухьэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и къызэгъэпэщакІуэ, аспирант **Сэралъп Тембулат** къыхигъэщащ ахэр студентхэр гъунэгъуу зэрыгъэцІыхьуным, еджэныгъэм хэшэным зэрытелажьэр. Ар тепсэлъыхьащ къызэрагъэпэщ Іуэхугъуэхэм, адрей зэгухьэныгъэхэм хуаІэ пыщІэныгъэхэм. ЗэІуцІэм щІэсхэм гу лъагэрэ зэрыщагъэзащІэр.

МГИМО-м и лІыкІуэхэм я пашэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ управленэм и унафэщІ **Суровцев Станислав** и псалъэм къыхигъэщащ студентхэр фІы дыдэу зэреджэм къыдэкІуэу, жылагъуэ Іуэхуэхэм жыджэру зэрыхэтыр.

ЕджапІэ нэхъыщІыкІэм зэлъахэгъуэхэм я зэпыщІэныгъэхэмкІэ и советым и унафэщІ **Дедаханов Музаффар** жиІащ и нэІэ щІэт къудамэм лъэпкъ зэгухьэныгъэу 35-рэ къызэрызэщІиубыдэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гупым абы кьалэн лъагэхэр зэрыщагъэзащІэр.

МГИМО-м щеджэхэм, ар къэзыуахэм я зэгухьэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и къызэгъэпэщакІуэ, аспирант **Сэралъп Тембулат** къыхигъэщащ ахэр студентхэр гъунэгъуу зэрыгъэцІыхьуным, еджэныгъэм хэшэным зэрытелажьэр. Ар тепсэлъыхьащ къызэрагъэпэщ Іуэхугъуэхэм, адрей зэгухьэныгъэхэм хуаІэ пыщІэныгъэхэм. ЗэІуцІэм щІэсхэм гу лъагэрэ зэрыщагъэзащІэр.

МГИМО-р диплом плъыжькІэ къызэрауахам, езы зэгухьэныгъэмэ университетым къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъ мызэ-мытІэу къызэрыхуагъэфащам.

Сэралъпым жиІащ зэгухьэныгъэр 2012 гъэм къыщызэрагъэпэщым Къэрал Думэм и депутатхэр, Федерацэмкіэ Советым и сенаторхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу УФ-м и Президентым и деж щыІэхэр, апхуэдэуи МГИМО-м и ректор Торкунов Анатолий, Социальнэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ проректор Логинов Игорь сымэ хуабжьу дэІэпыкъуэгъу зэрыхъуахэр.

ЗэІуцІэм хэтхэр тепсэлъыхьащ къэрал кІуэцІ, къэрал щІыб политикэм иІэ щытыкІэм, социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ Урысейм зэрызижьым. Студентхэм я упщІэхэм жэуап иратащ депутатхэм.

Урысейм хуэгъэза санкцэхэм ятеухуауэ Быфым жиІащ къэралым зиужьыныжкІэ ахэр щІагъэІуэ зэран зэрымыкъуфынур, уеблэмэ языныкъуэ Іэнатіэхэм, псалъэм папщІэ, мэкъумэш хозяйствэм, ар сэбэп я зэрыщыкъунур. Депутатым щапхъэу къыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым джэдкъаз щагъэхъуу фермэхэр зэрыщаухуэр, хадэхэкІ гъэкІыныр къаззрыщекъуІэр. Къыхигъэщащ зэранигъэу щыІэхэри. Ябэраруэ, сомыр пуд зэрыхъуам и зэранкІэ хамэ къэралхэм къраш хьэпшыпхэм я уасэр зэрыдэкІуеяр.

ЗэІуцІэм щытепсэлъыхьащ щІэблэм я гъэсэныгъэмэ. Быфым къыхигъэщащ еджапІэхэм сабий гъэсэныгъэм хуэфащэн гупльэтэ зэрыщамыгъэтыр. Апхуэдэуи къытеувыІащ унагъуэмрэ пэщІдзэ еджапІэмрэ абы теухуауэ зэдзэлжьэн зэрыхуейр. ЗэІуцІэм кърихьэлІахэр къыхуриджащ къыдэкІуэтей щІэблэр гъэсэным щхьэж хуэзэфІэкІ гупльитэ хуищІыну.

Геккиевым жиІащ гъэсэныгъэр Іэпэдэгъэлэм зэращІым щІэблэр гъуэгу пхэнжым зэрытришэр. Щапхъэу къиГъэлъэгъуащ Украинэм щыІэ щытыкІэр.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым вольфрам-молибден комбинатыр къыщыгъэщІэрэщІэжьын зэрыхуейм, республикэм и социально-экономикэ щытыкІэм ар сэбэп зэрыхуэхъунум. Геккиев Заур жиІащ Іуэхущ Іапіэм папщІэ инвестор къызэрагъуэтар.

ЗэІуцІэм и кІэуэм абы хэтхэм сурэт зытраГъэхащ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Гулъытэ хэха зыхуэфащэхэр

● Егъэджэныгъэ

**Сочэ къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Сабий гъэсакІуэхэм я егІуанэ урысей-псо съезд. «Сабиигъуэ: политикэ, методологие, Іуэху зехьэкІэ» фІэщыгъэр зиІа а къэралпсо зэхуэсым и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэри. Гупым я пашэу щытащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ - КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министр Емуз Нинэ.**

ГъэсакІуэхэм я къэралпсо зэхьыхэ иным и мурад нэхъыщхьэр школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысхэм ядэлэжьэныр адэкІи егъэфІэкІуэным пыщІа Іуэхугъуэхэм унагъуэми, жылагъуэми, къэралми я зэфІэкІыр екъэлІэныщ. Съездым иджыри зэ гу лъыдигъэтащ сабийхэр гупльитэ хэха зэрыхуэфащэу зэрыщытыр.

Урысей Федерацэм хьихьэ щыналъэ псоми егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ щылажьэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, гъэсакІуэ пашэхэр къызрихьэлІа зэІуцІэ иным хэтащ УФ-м и Правительствэм, Къэрал Думэм я лІыкІуэхэри. Гъэсэныгъэ Іэнатіэм мыхьэнэшхуэ щызыІэ Іуэхугъуэхэм ятеухуат УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Голодец Ольгэ**, Федерацэмкіэ Советым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щэнхабзэмкІэ и комитетым хэт **Савинов Геннадий**, УФ-м и Къэрал Думэм ЕгъэджэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Аршиновэ Алёнэ**, Урысейпсо тхылъ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Степашин Сергей** сымэ я къэпсэлъэныгъэхэр.

Зэхуэсым къыщаІэта Іуэхугъуэхэм ящыщІу гъэсакІуэхэм и пщІэр жылагъуэм къыщыІэтыным, зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабийм ядэлэжьэфын Іэщ Іагъэлпхэр гъэхьэзырыным, мыкъэрал уней гъэсапІэхэм я лэжьыгъэм адэкІи зегъэубгъуным епхахэр. Апхуэдэу съездым и утыку къорахьащ школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ирагъэжьуэн пэщІэдзэ щІэныгъэм и фІагъэм хэгъэхъуэн зэрыхуейр.

- Федеральнэ къэрал еджэныгъэгъэ стандартыр - ар щІэблэр зыужьыныгъэм, Іуэху зехьэкІэщІэм, ехъулІэныгъэм хуэзыпщэ Іэмалщ, - къыхигъащ **Емуз Нинэ**. - Иджырей гъэсапІэ Іэнатіэхэм сабийхэр хуагъэхьэзырын хуейщ жылагъуэ Іуэхуэхэм жыджэру хэтыным, цІыху хэтыкІэ екІум, гъащІэр зэрызэхэлъымрэ абы уеблэІэ зэрыщыбгъуэтынымрэ епха щІэныгъэхэр зэгъэгъуэтыным. А псори я къызыхуэтынщэу екІуэкІын папщІэ, гъэсапІэхэм я лэжьыгъэм зэхъуэкІыныгъэ куухэр хэлъхьэн хуейщ. «Егъэджэныгъэм теухуауэ» Федеральнэ хабзэм ипкъ иткІэ, а Іэнатіэхэращ сабийм япэ щІэныгъэхэр щызригъэгъуэтыр.

Министрым зэрыжиІамкІэ, апхуэдиз къалэныр гъэсакІуэхэм сабийхэм зэрыхуащІэфыну Іэмал нэхъыщхьэхэм ящыщІ джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Ар и гуращэу, дэтхэнэ зы гъэсапІэри хуитщ егъэджэныгъэ программэ зэхуэмыдэхэм ящыщу езым и щІыпІэмрэ зыхуигъэувыж мурадхэмрэ зэкІуэр хуэхихыну. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм и фІыгъэкІэ адэ-анэхэри гъэсэныгъэм нэхъ жыджэру къеплъэлІэфынущ, сабийхэри щІэныгъэ къэуГъуеиным нэхъ тэмэму хуэбгъэтІысфынущ. Псом нэхъ нэхъыщхьэраш, щІэблэм сабиигъуэ насыпыфІэ, Іуэхугъуэфіхэмкіэ гъэнщІа икІи щыз яІэнущ.

Зэхуэсым и лэжьыгъэм къриубыдэу, УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Ливанов Дмитрий** пресс-конференц иригъэкІыжащ. Апхуэдэу лэжьыгъэ купщІафІэхэр щекІуэкІащ секцэ щхьэхуэхэм. Абыхэм гъэсакІуэхэр щызэдэгугъэщащ и Іуэху зехьэкІэхэмкІэ, лэжьыгъэ Іэнатіэм хуаІэ мурадыщІэхэмкІэ.

**ТАМБИЙ Линэ.**



# «МИР» радиор Налшык къыщопсалъэ

**- Радиостанцым и нэтынхэм Урысей Ипщэр зэщІагъэхьауэ жыпІэ хъунущ. «МИР» радиом нобэ щодаІуэ а щІыналъэм щыщхэу Дон Іус Ростов, Ставрополь, Новочеркасск, Таганрог, Невинномысск, Волгодонск, Псыхуабэ, ЕсэнтІыгу, Нартсанэ къалэхэм. Иджы абы Налшык псэлъэн щыщІедзэ. Ар налшыкдэсхэм ипэжыпІэкІэ къалэ радио нэх яхуэхъуну дыщогуГъ.**

ДИ ЛЭЖЬЭГЪУ хэгъэрейхэм япэу къыщыщІадзэнур республикэ хъыбархэр къызэратыну щыкІэр зэтеубгъэнырщ, - къыхигъэщащ «МИР» радиом и унафэщІ Кувшинчиков Дмитрий.

Макъамэ Іуэхур Adult Contemporary пщалъэм тету радиом къызэрегъэпэщ, 1970 - 2000 гъэхэм цІэрыІуэ хъуа ди уэрэдхэмкІэ, фІыуэ ялъэгъуа фильм композицэхэмкІэ цІыхухэм гукъыдэж ират.

Иджы налшыкдэсхэри «Шэджагъуэ зэманым», «Ди гум къыбгъэдакІыу» программэхэмкІэ концерт цІэрыІуэхэм щагъэзащІэ макъамэхэм едэІуэфынущ. Заявкэхэр 8-800-444-84-84 телефон хэхамкІэ Іахьнущ, апхуэдэу www.radio.mir.fm сайтым и планэпэ щхьэхуэри къагъэсэбэн хъунущ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ «МИР» радиор Урысейм и къалэ 47-м, СНГ-м и къэралищым зэрыщылажьэр, цІыху мелуан 30-м нэблагъэм зэралъэІэсыр. Абы 99,0 FM хьэуа толькъуным фІыщедаІуэ хъунущ.

***«МИР» радиом и пресс-Іуэхущ Іапіэ.***

● ТхылъыщІэ

# Ацкъан Руслан и сонетхэр

**Адыгэ литературэм и тхыдэм щыяпэу «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ сонет 239-рэ щызэхуэхъуса тхылъ. Ар и Іэдакъэщ ІэкІщ КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат Ацкъан Руслан.**

«УЭШХ НЭУЖЬЫМ» фІэщыгъэр зиІэ тхылъым ихуащ Ацкъаным ильэс зэхуэмыдэхэм итха усэхэмрэ философие гупсысэ шэщІа зыщІэлъ сонетхэмрэ. Дызэрыщыгъуазэщи, сонетыр литературэм и жанр нэхъ гугъуэм хабжэ, усыгъэм а и лІэужьыгъуэр къупхъэ пыухыкІам тету къэгъэщІыныр куэдым кьехъуІэрэкъым. Абы и лъэныкъуэкІэ Тхьэр зэчийкІэ зыхуэупса усакІуэ щэджащэхэм ящыщІу Ацкъаныр.

Руслан и сонетхэм гъащІэм и лъэныкъуэ куэд къыщыІуабыдэ, езы усакІуэм и Іуэху еплъыкІэхэм, гурыгъу-гурыщІэхэм узэрыщагъэгъэуазэм къищынэмыщІауэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми дунейм куууэ ухагъалпІэу апхуэдэщ.

Сонетхэм ящыщ куэдыр усакІуэм нэхъапэкІэ къыдигъэкІа и тхылъхэми итщ. «Уэшх нэужьым» ахэр псори хэлэжьыхьыжауэ щыізэхуихьэсыжащ.

**щхьэщэмыщІ Изэ.**



# ЩІэблэр гъэсэным егъэпІейтей

● Къэрал Думэм

**Къэрал Думэм и депутатхэр иджыблагъэ яІущІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІауэ МГИМО-м щеджэхэм. Іуэхур къыззэрагъэпэщащ Думэм Мылъкумкіэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Быф Анатолий и жэрдэмкІэ (КПРФ фракцэ). Абы хэтащ Федеральнэ ухуэкІэмрэ щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Геккиев Заур («Урысей зэкъуэт» фракцэ).**

МГИМО-м щеджэхэм, ар къэзыуахэм я зэгухьэныгъэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ **Къаскъул Аслъэн** зэІуцІэм щІэсхэр къыхуриджащ ГъащІэм епха Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ яІэ гупсысэхэмкІэ зэдзэгъэшэну иКІи къыхигъэщащ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Сыту жыпІэмэ, ар сэбэп мэхъу депутатхэр щІыхубэм япыщІауэ щытыныжкІэ, щІалэгъуалэр Урысей Федерацэм и хабзэубзыку Іэнатіэм и лэжьакІэм щыгъуазэ хуэщІыныжкІэ.

Быф Анатолий жиІащ студентхэм я упщІэ псоми жэуап иритыну зэрыхьэзырыр. Апхуэдэуи ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ езыр зыхэт комитетым игъэзащІэ Іуэхугъуэхэм.

ЗэІуцІэм щытепсэлъыхьащ щІэблэм я гъэсэныгъэмэ. Быфым къыхигъэщащ еджапІэхэм сабий гъэсэныгъэм хуэфащэн гупльитэ зэрыщамыгъэтыр. Апхуэдэуи къытеувыІащ унагъуэмрэ пэщІдзэ еджапІэмрэ абы теухуауэ зэдзэлжьэн зэрыхуейр. ЗэІуцІэм кърихьэлІахэр къыхуриджащ къыдэкІуэтей щІэблэр гъэсэным щхьэж хуэзэфІэкІ гупльитэ хуищІыну.

Геккиевым жиІащ гъэсэныгъэр Іэпэдэгъэлэм зэращІым щІэблэр гъуэгу пхэнжым зэрытришэр. Щапхъэу къыгъэлъэгъуащ Украинэм щыІэ щытыкІэр.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым вольфрам-молибден комбинатыр къыщыгъэщІэрэщІэжьын зэрыхуейм, республикэм и социально-экономикэ щытыкІэм ар сэбэп зэрыхуэхъунум. Геккиев Заур жиІащ Іуэхущ Іапіэм папщІэ инвестор къызэрагъуэтар.

ЗэІуцІэм и кІэуэм абы хэтхэм сурэт зытраГъэхащ.

**ГЪУЭТ Синэ.**



Щэнхабзэм и лъэс

# УсакІуэшхуэхэм я махуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм республикэм щыпсэуэхэмрэ ди хьэщІэхэмрэ ирегъэблагъэ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа ПащІэ Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 160-рэ зэрырикъум и щыхькІэ щэкІуэгъуэм и 27-м, балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылІа Мечиев Кязим къызэралъхурэ илъэси 155-рэ зэрырикъум и щыхькІэ щэкІуэгъуэм и 28-м Налшык къалэм дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм къыщызэрагъэпэщыну гуфІэгъуэ Іуэхуэхэм хэтыну.

Зэхьыхьэхэр къыщыщІэуахынур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

ФыщІэупщІэ хъунущ 44-22-10; 40-31-49 телефонхэмкІэ.





## Я щхьэ яхъумэжурэ шхэмэ нэхъ къещтэ

**США-м щыщ Луизианэ штатым хьихьэ Порт Ален къалэм дэт шхапІэхэм ящыщ зым и унафэщІым къыхилъхьам куэд къиГъэУІэбжьащ.**

Кокс Кевин и шхапІэм Іэщэ яІыгъуу щыхьэу щышхэхэм къраГъащтэ ерыскъыхэм я уасэм процентипщІ яхуКІэрегъаху. «Зыгуэр къэхъу хьужьыкъуэмэ, я щхьэ зэрахъумэжьын Іэщэ зиІэхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэпщІэну нэхъ тынщ, - жеІэ абы. - ЦІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэбгъэпэщынр икъукІэ гуГъущ, дэ апхуэдэ къалэни зыхуэдгъэзыжьыркъым. КІыбмдэмІэ, апхуэдэ ІуэхутхьэбзэщІэкІэм и хъыбарыр зэрызэбгрыдгъэкІрэ, ди шхапІэм къакІуэжэр куэдкІэ нэхъыбэ хьуащ».

ЦІыхухэм хуиту Іэщэ зэрахьэным теухуа Іуэхум хуабжьу щриздзауэ мы зэманым апхуэдэ жэрдэмым пэуважэри мащІэкъым. Нэхъ тэмэму жыпІэмэ, Іэщэ зыныгъэр зи шхапІэкъым щІэзымыдгъэхьэхэр куэдкІэ нэхъыбэщ, Кокс и щапхъэм ирикІуахэм нэхърэ.

## Нэмыцэхэм я Іуэху еплъыкІэр

**Къырымыр Урысейм зэрыгъагъэхьэжар вгъэзэхуэрэ? УФ-м и Президентым иригъэкІуэкІ политикэр Германием зыгуэркІэ зэран къыхуэхъуну къэфІэтэрэ?**

Дунейм щекІуэкІ Іуэхуэхэр къаззрыщыхъур зрагъэщІэн мурадкІэ, Infratest dimap социологие институтым и лэжьакІуэхэм апхуэдэ упщІэхэмкІэ иджыблагъэ зыхуагъэзащ нэмыцэхэм. Абыхэм къызэрагъэпэщыгъуамкІэ, зэупщІахэм я процент 39-м Къырымыр Урысейм и щІыналъэу ящІыну Іуэхуэхэм я политикэм шынагъуэ хальагъуэркъым процент 45-м. Санкцэхэм зэрахущытыр щыізэхагъэкІым, ахэр УФ-м щхьэщхьехьжьыну я унафэщІхэр къыхураджащ процент 27-м, абыхэм пыщІахъэу тезыгъэчыныхьар процент 19-рщ.



## Нобэ

◆**Абхъаз Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Конституцэм и махуэщ**

◆**Информацэм и дунейпсо махуэщ**

◆Монголием къэралыгъуэ щыгъуэта махуэр егъэлъапІэ. 1924 гъэм къэралым и парламентым къыщІащ Монголие ЦІыхубэ Республикэр. къызэрызэрагъэпэщам теухуа унафэмрэ я япэ конституцэмрэ. Апхуэдэуи я къалащхьэр Улан-Батору игъэуващ.

◆ЩІэкІуэгъуэм и 26 - 28-хэм Минск щызэхэтынущ «ЦІыхумрэ щынагъуэншагъэмрэ» дунейпсо зэхуэсыр. Ар къызэрагъэпэщ Белоруссием и правительствэм и жэрдэмкІэ.

◆ЩІэкІуэгъуэм и 26 - 27-хэм УФ-м Узынщагъэр хъумэныжкІэ и министерствэм и нэІэм щІэту Москва щекІуэкІынущ «Зи гур узэм зыхуэй дэІэпыкъуныгъэр и чэзум яГуэтыным пыщІа Іуэхуэхэр» Урысейпсо зэхуэсыр.

◆Америкэм щыщ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, дунейм и дэнэ щыпІи къыщацІыху **Тёрнер Тинэ** (и цІэ щІэ дыдэр Аннэ Мей Буллокщ) и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокъу.

◆Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академиемрэ ЩДАА-мрэ я академик **Къумахуэ Мурадин** къызэралъхурэ ильэс 73-рэ ирокъу.

◆Сурэтыщі, КъШР-м щыхь зиІэ и художник **Хьэгъундокьуэ Мукьэмэд** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

◆«Адыгэ псалъэм» и къудамэм и унафэщІ, КЪБР-м щыхь зиІэ и журналист **Къыдаз Маритэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уфауэ щыщІытынущ. ЩІыпІэ махуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 3 - 1 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Уи лъахъэр зыдыгъум уишри идыгъунщ.**

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа Указ №232-УГ-мкІэ кьиущащ*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хиубыдэу зыхуагъэувыжа мурадхэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэмрэ зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныжмкІэ щыІэ советым**

# хэтхэр

**КІуэкІуэ Ю. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(Советым и тхьэмадэщ)*

**Мусуков А. ТІ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр *(Советым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Ал1тУд Ю. Къ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и ап1э къуэдзэр

**АфІэунэ А. М.** - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Ахъуэхъу Къ. М.** - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Белецкая О. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІыр *(Советым и секретарщ)*

**Битокъу В. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ыр

**Вербицкий А. И.** - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Газаев М. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэупсым и хъугъэфІагъэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр

**Гъащтэ А. А.** - Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Щ1ыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэуэ)*

**Говоров С. А.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Джатэ Р. Хь.** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Дадэ М. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр

**Дроздов И. П.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубз коммуникацхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщ1ым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

**Егоровэ Т. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ыр *(зэгурыІуэуэ)*

**Емуз Н. Гъу.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрыр

**Къармокъуэ Хь. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал чэнджэщэгъуэр

**Кислицын А. Н.** - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Кладько И. Е.** - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Къуэдзокъуэ М. М.** - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Куэщей А. Д.** - Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Къудей А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къалэр и комитетым и унафэщІыр

**Къумахуэ М. Л.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

**Къунижь В. Хь.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъэзэг хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІыр

**Литовченко Т. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и ап1э къуэдзэр

**Мурзаев Б. С.** - Щэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Пэнагуэ М. А.** - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Сыжажэ Хь. Л.** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Тутыкъу А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэнэгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

**Тюбеев А. И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр ІэнатІэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дзэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр

**Уянаев К. Хь.-М.** - Іуащхьмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Уянаевэ А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

**Хъущпакъ С. Хь.** -Бахъсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэуэ)*

**Хъущт А. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрыр

**Шагин С. И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрыр

**Шэт И. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрыр

**Хэхьныгъэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІынымрэ япыщІа Іуэхухэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ хэхакІуэ комиссэхэм я лэжьэкІэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщыгъэлъэгъуэныжмкІэ конкурсыр зэрырагъэкІуэкІ пІалъэр гъэІэпхъуэным и Іуэхукіэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубз коммуникацхэмкІэ и къэрал комитетымрэ я Унафэ

*2014 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м № 102/6-5 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м № 105-од*

*Налшык къалэ*

Хэхьныгъэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІынымрэ япыщІа Іуэхухэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ хэхакІуэ комиссэхэм я лэжьэкІэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщыгъэлъэгъуэныжмкІэ конкурсыр зэрырагъэкІуэкІ пІалъэр гъэІэпхъуэным и Іуэхукіэ:

1. Хэхьныгъэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІынымрэ япыщІа Іуэхухэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ хэхакІуэ комиссэхэм я лэжьэкІэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщыгъэлъэгъуэныжмкІэ конкурсыр зэрырагъэкІуэкІ пІалъэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м нэсыху пыщІн.

2. «Хэхьныгъэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІынымрэ япыщІа Іуэхухэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ хэхакІуэ комиссэхэм я лэжьэкІэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщыгъэлъэгъуэныжмкІэ конкурсыр зэрырагъэкІуэкІ пІалъэм гъэІэпхъуэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэщ1ым и къалэнхэр зыгъэзащІэр (адзкІэ - КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэмрэ КЪБР-м Печатымрэ цІыхубз коммуникацхэмкІэ и къэрал комитетымрэ я унафэ) и пункт 1-м хэт «жэпуэгъуэм и 25-м» псалъэхэр зэхъуэкІын «дыгъэгъазэм и 15-м» жиІэу.

3. Хэхьныгъэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІынымрэ япыщІа Іуэхухэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ хэхакІуэ комиссэхэм я лэжьэкІэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къыщыгъэлъэгъуэныжмкІэ конкурсыр зэрырагъэкІуэкІ пІалъэр гъэІэпхъуэным и Іуэхукіэ «дыгъэгъазэм и 15-м» жиІэу:

3.1. Пункт1хэу 1.2.-м, 3.2.-м хэт «жэпуэгъуэм и 25-м» псалъэхэр зэхъуэкІын «дыгъэгъазэм и 15-м» жиІэу;

3.2. Пункт 2.7.-м хэт «жэпуэгъуэм и 10-м» псалъэхэр зэхъуэкІын «дыгъэгъазэм и 1-м» жиІэу.

4. Мы Унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Интернетым щиІэ сайтым илъхэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубз коммуникацхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ ДРОЗДОВ Игорь**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириндж**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр хэхьным зыщыхуагъэхьэзыр, ар щрагъэкІуэкІа лъэхъэнэм хъыбарегъащІэ-гурыгъэІуэныгъэ лэжьыгъэр къыздэсыгъэпэщар къэгъэлъэгъуэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и централизованэ библиотекэ ІэнатІэм къыщыздэсыгъэпэщ конкурсыр зэрырагъэкІуэкІ зэманым пыщІэм и Іуэхукіэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ я Унафэ

*2014 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м №102/5-5 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м*

*Налшык къалэ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр хэхьным зыщыхуагъэхьэзыр, ар щрагъэкІуэкІа лъэхъэнэм хъыбарегъащІэ-гурыгъэІуэныгъэ лэжьыгъэр къыздэсыгъэпэщар къэгъэлъэгъуэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и централизованэ библиотекэ ІэнатІэм къыщыздэсыгъэпэщ конкурсыр зэрырагъэкІуэкІ зэманым пыщІэм и Іуэхукіэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр хэхьным зыщыхуагъэхьэзыр, ар щрагъэкІуэкІа лъэхъэнэм хъыбарегъащІэ-гурыгъэІуэныгъэ лэжьыгъэр къыздэсыгъэпэщар къэгъэлъэгъуэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и централизованэ библиотекэ ІэнатІэм къыщыздэсыгъэпэщ конкурсыр зэрырагъэкІуэкІ зэманым пыщІэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м нэсыху.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр хэхьным зыщыхуагъэхьэзыр, ар щрагъэкІуэкІа лъэхъэнэм хъыбарегъащІэ-гурыгъэІуэныгъэ лэжьыгъэм хэтхэм я правовой, щэнхабзэ зэхэщІыкІыр къэІэтынымкІэ тхыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьным теухуа Урысейпсо конкурс егъэкІуэкІынымкІэ хуэгъэзауэ

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

*2014 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м №103/1-5 Налшык къалэ*

ХэхьныгъэмкІэ хуитыныгъэмрэ хэхьныгъэр зэрекІуэкІымрэ япыщІа Іуэхухэмкіэ, хэхакІуэхэм (референдумым хэтхэм), хэхьныгъэхэр къызэзыгъэпэщхэм, хэхьныгъэ лэжьыгъэм хэтхэм я правовой, щэнхабзэ зэхэщІыкІыр къэІэтынымкІэ тхыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьным теухуа Урысейпсо конкурсым и Положенэм, Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м кьыдигъэкІа Унафэ №258/1584-6-мкІэ кьищтам тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ щІ**:

1. Конкурсым теухуа Положенэу Урысей Федерацэм и ХэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм кьищтам (мы унафэм щыгъуэ) тету Хэхьныгъэмкіэ хуитныгъэмрэ хэхьныгъэр зэрекІуэкІымрэ япыщІа Іуэхухэмкіэ, хэхакІуэхэм (референдумым хэтхэм), хэхьныгъэхэр къызэзыгъэпэщхэм, хэхьныгъэ лэжьыгъэм хэтхэм я правовой, щэнхабзэ зэхэщІыкІыр къэІэтынымкІэ тхыгъэ нэхъыфІхэр къыхэхьным теухуа Урысейпсо конкурсыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыІыгъуу егъэкІуэкІын 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ 2015 гъэм мазаем и 18-м нэсыху.

2. Конкурсым кьрикІуэхэр къэпщытэжьынымкІэ республикэ комиссэ къызэгъэпэщын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм яхуэгъэувын республикэ комиссэр хэпльэн папщІэ конкурсым хагъэхьэну лэжьыгъэхэр 2015 гъэм мазаем и 9-м фІэмыкІыу иратыну.

4. Республикэ комиссэм хуэгъэувын конкурсым кьрикІуэхэм ятеухуа материалхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2015 гъэм мазаем и 18-м фІэмыкІыу иритыну.

5. Мы унафэмрэ конкурсым теухуа Положенэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм яхуегъэхьын.

6. Мы Унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі и къуэдзэ ЕВТУШЕНКЭ Сергей**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириндж**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатхэр и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту хуабжьу Аслъэн Руслан и къуэм етыным и Іуэхукіэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

*2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м № 104/1-5*

*Налшык къалэ*

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту хаха Дадэ МуІэед Алий и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщхьэщахам къыхэкІыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2008 гъэм шыщхьэуІум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 5-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и спискэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бэчыжь Аслъэн Руслан и къуэм (№9).

2. Мы унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириндж**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Бэчыжь Аслъэн Руслан и къуэм тхыным и Іуэхукіэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

*2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м №104/2-5*

*Налшык къалэ*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бэчыжь Аслъэн Руслан и къуэм етыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м кьищта унафэ №104/1-5-м ипкъ иткІэ икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2008 гъэм шыщхьэуІум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Бэчыжь Аслъэн Руслан и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым зэрыхахамкІэ удостоверенэ етын.

3. Мы унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириндж**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бесльэней Аслъэн Зулымбий и къуэм етыным и Іуэхукіэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

*2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м № 104/3-5*

*Налшык къалэ*

«Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту хаха Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщхьэщахам къыхэкІыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2008 гъэм шыщхьэуІум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 5-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бесльэней Аслъэн Зулымбий и къуэм (№57).

2. Мы унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириндж**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Бесльэней Аслъэн Зулымбий и къуэр тхыным и Іуэхукіэ**

# Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

*2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м №104/4-5*

*Налшык къалэ*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандату хуит къэхъужар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Бесльэней Аслъэн Зулымбий и къуэм етыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м кьищта унафэ №104/3-5-м ипкъ иткІэ икІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2008 гъэм шыщхьэуІум и 5-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 3-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Бесльэней Аслъэн Зулымбий и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым зэрыхахамкІэ удостоверенэ етын.

3. Мы унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрегъадзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакІуэ комиссэм Интернетым щиІэ сайтым илъхэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщі ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Ириндж**

# Илъэс 40 дэкІа нэужь

**Илъэс къэси хуэдэу, иджыблагъэ Налшык щызэхуэзащ 1972 - 1974 гъэхэм зы полкым хэту ГДР-м дэз къулыкъу щезыхьэхІахэр.** *Сэмэгумкіэ къыщыщІэдзауэ:* **Шырыт Аслъэн, Хъуран Альберт, Шэнтыкъу Анатолэ, Абазэ Шэмсэдин, Хьэвжокъуэ Хьэталий, Нэгъуей Заур, Щоджэн Мухьэмэд, Баппинаев Зариф, Тут Руслан, Мыз Ахьмэд, Хъупсырджэн Руслан, Кугъуэт Юрэ, Тхьэзэплъ Іэниуар сымэ.**

# Зыуэщ1, ефIакIуэ, Дзэлыкъуэкъуажэ! 110

БЖЬАХЪУЭ Пщымырзэ:

## «Зыужьыныгъэм хуэгъэпса мурадыфIхэр ди мащIэкъым»

● Ди псэлъэгъуэр

**ЖЫДЖЭРАГЪЫШХУЭ зыхэлъ, сыт хуэдэ Iуэхури жэуапыныгъэр зыхишIэу зэфIэзыых унафэщIщ Бжьахъуэ Пщымырзэ. Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм Дзэлыкъуэкъуажэ адміністрацэм и Iэтащхьэ къулыкъур зэрырихьэкIрэ блэкIа илъэсхэм къриубыдэу жылэм хэпщIыкIыу зиужьащ. УнафэщIыр йогугъу жылэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, я гъащIэр нэхъ тынш щIыным.**

**Дзэлыкъуэкъуажэ илъэси 110-рэ щрикъу махуэшхуэм и пэ къихуэу, Бжьахъуэм упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.**

**- Пщымырзэ, псом япэрауэ, узиунафэщI жылэм и махуэшхуэмкIэ сынохьуэхъу. Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэщIэхэр фиIэу фрихьелIэрэ абы?**

- Дэтхэнэ зы щIыпIэми хуэдэу, Дзэлыкъуэкъуажэ къикIуащ езым и тхыдэ гъэуганэ купщIафIэ. Адыгэ жылэ къызэрыгуэкIыу кьежьар иджырей псэукIэ мардэхэм щыщ куэд щытепщэ псэупIэ ин хъуащ. Дзэлыкъуэ районым и административнэ центру щыт Дзэлыкъуэкъуажэм нобэкIэ щопсэу щIыху 9873-рэ. Жылэр и илъэси 110-м сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр иIэу ирихьелIэми, ахэр зи фIыщIэр абы щыпсэу ди щIыхуэрщ, абы и зыужьыныгъэм зи гуащIыхуэ хэзылъхьэ хэкупсэхэрщ.

А ехъулIэныгъэхэм уатепсэлъыхьмэ, ахэр ялъоIэс гъащIэм и унэтIыныгъэ псоми. УФ-м, КъБР-м щызекIуэ хабзэхэм япкъ иткIэ, жылэр нэсу къызэгъэпэщащ электрокъарукIэ, абы щыукъуэдиящ газрэ псырэ зэрыкIуэ бжьамийхэр. А IэнатIэхэр къызыхуэтынщэу лэжьэнэр, апхуэдэуи и чэзум зэгъэпэщыжьынгъэ лэжьыгъэхэр щегъэкIуэжкIыныр Дзэлыкъуэкъуажэ социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зегъэужьынымкIэ программэм увыпIэ хэха щызыубыщ унэтIыныгъэхэм ящыщщ.

Апхуэдэу лэжьыгъэшхуэхэр зэфIыдогъэкI жылэм и гъэугухэр зэпэщ щIынымкIи. Республикэ программэм дыхэткIэрэ, уэрамхэм асфальтыщIэ тетлъхьащ, щIыпIэ сымаджэщым и пщIантIэри хэту. Куэд щIакъым лъэсырызекIуэ лъэмыжьышхуэр зыхуей зэрызухэдгъэзэжрэ. КъэкIуэну илъэсым кIуриубыдэу зэдгъэпэщыжынущ жылэм и нэгъэущI гъуэгуэхэри. Псори зэхэту зыхуей хуэдгъэзэжынущ гъуэгу километри 10-м щIигъу.

Апхуэдэу духуэнущ иджыри зы лъэсырызекIуэ лъэмыж зэпэщ.

А Iуэхугъуэхэм ящыщ дэтхэнэри хуэгъэпсащ ди щIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным.

**- ЩIыпIэ адміністрацэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ псэупIэ-комунальнэ хозяйствэм и лэжьыгъэм епхаХэр. АбыкIэ фи Iуэхуэхэр дауэ щыт?**

- Дзэлыкъуэкъуажэм и псэупIэ фондым хохьэ фэтэр куэду зэхэт зиз 30. Абыхэм псы, хуабэ, газ хуэдэхэр къызыхуэтынщэу ягъуэтыным, жылэм и теплъэм кIэлъыплъыным, абы щхьэантIагъэхэр щыгъэтIысыным епха лэжьыгъэхэр мы зэманым зэфIах ТСЖ-уэ 6-м, управляющэ компаниеу зым, «Водоканал» ООО-м. А Iуэхущ1апIэхэм я кьалэнхэр ямыгъэзащIэу зы илъэси кьаныкъым.

Гупытэ хэха хуэдущ унагъуэхэр унэ кхъахэхэм къыщIэдгъэкIыу псэупIэщIэхэм гъэIэпхъуэным. 2011 гъэм дуухущ фэтэр тIурытIу зэхэт унэ 16. Абыхэм мэлэхъуэ жьы хъуа унэхэм щыпсэуа унагъуэ 16. Апхуэдэу доля1ел унагъуэщIэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщынми. Псори щIэтщIэр ди жылэдэсхэм я псэукIэр нэхъ тынш, екIу, дахэ тщIын папщIэ, абы къыдэхъуэ щIэблэм зыужьыныгъэфI ягъуэтын щхьэкIэ.

**- Лэжьыгъэм, еджэным къыдэхуэ зэманыр сэбэпынагъ пылъу цIыхухэм къагъэсэбэпын и лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ Iуэхуэхэр щекIуэкIрэ щIыпIэм?**

- Ди жылэм къыдэкIащ политикэ, щIэныгъэ, гъуэджэ, щэнхабзэ унэтIыныгъэхэмкIэ зи цIэр жыжьэIуа нэхъыжьыфIхэр. Апхуэдэу дорогушхуэ жылэм къыдэхъуэ щIалэгъуалэм зыIэрагъэхьэ екъулIэныгъэхэм, ахэр здынэс лъагапIэхэм. ЩIэныгъэ куу, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу ягъуэтын папщIэ, абыхэм яIэщ Iэмал псори. Еджэным къыдэкIуэу, дз диIэщ щIалэгъуалэм спорт, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм зыщыгаранужьыкIи Iуэхущ1апIэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, ЩэнхабзэмкIэ уардэунэр, библиотекэхэр. Къэфэным, уэрэд жыIэным зи гур хуэIухахэр йокIуалIэ ЩэнхабзэмкIэ уардэунэм и гупжьей зэмылIужьыгъуэхэм. ЦIэрыIуэ хъуащ «АРТ-Синдикат» студиер, «Возимах» гупыр, «Дебют» театр гупжьейр, уэрэдымрэ кьафэмкIэ «Испльэмей», «Бгыхэм я дауц» щIыхуэ ансамблхэр. «Урысейм и зэчиифIахэр» зэпеуэм и Гранпри саугъэт нэхъыщхьэр къэзыхьа «Бгырыс ныжьыщIэ» творческэ гупым «Урысей Федерацэм кьафэмкIэ щапхъэ зытрах ансамбль» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Диlэщ спорт Iуэхущ1апIэхэри. Абыхэм хохьэ «Ныжьыщ1э» стадионыр, спорт залышхэхэр, псыгъэныр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм йокIуалIэ спортымрэ физкультурэмрэ дихьэх щIалэгъуалэр. Уэзыншагъэр щрагъэфIакIуэ, спорт Iуэхущ1апIэхэри зыхэт уардэунэ духуэну ди мурадщ.

**- Дзэлыкъуэкъуажэ и илъэси 110-м ирихьелIэу сыткIэ зауэбгъэзэнт абы щыпсэухэм, Пщымырзэ?**

- ПщIэ зыхуэсщI дзэлыкъуэкъуажэдэсхэм гуапэу сохъуэхъу юбилей махуэшхуэмкIэ. Дыщальэкуа щIыпIэм дыззрыхущытым елъытащ ди къэкIуэнур адэкIэ зэрыхьунур. Жылэм ифI зэрихуэу зи кIаруи зэфIэкIи емыблэж дэтхэнэми «берычэт бесын» яжьдоIэ. Район администрацэм и унафэщIхэми фIыщIэ яхудощI къетхьэжьэ Iуэхуэхэр къызэрыддалыгъым, къызэрыддагъэпсыщIэм папщIэ. Зыужьыныгъэм хуэгъэпса мурадыфIхэр ди мащIэкъыми, абыхэм псори зэгъуэгу, зэдзэуэ делэжьмэщ ди гъащIэр тынш, щIэщыгъуэ щыхъунур, кьытщIэхуэ щIэблэм насып щаIэнур. Махуэшхуэр угъурлы тхурехъу!

*Епсэлъар* **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

Дзэлыкъуэкъуажэ и нобэрей теплъэр.

## Псэемыблэж

**Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм и къаруи и зэманри щымыхьу ТекIуэныгъэ Инир къэгъэблагъэным тылым щыхущIэкъуахэм ящыщщ АфIэунэ Азэмэт. Мэкъумэшыщ1э унагъуэшхуэм къыщалъхуа щIалэм зэрыцIыкIу лъандэрэ зыхишIащ гуащIэдэкI лэжьыгъэм и къэлъагъыр.**



АфIэунэ Азэмэт

АфIэунэхэ я унагъуэм щIэс сабийхэр лэжьыгъэм пщIэ хуэщIу, абы зыпылъымыдзу ягъасэт нэхъыжьхэм. Ахэр 8 хъуртри, дэтхэнэми езым и кьалэн иIэжт икIи унагъуэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу псэурт. Хэку зауэшхуэр щыщIидзам щыгъуэ, Азэмэт курыт еджапIэм и классипIыр кьиухат. Азэмэт и къуэшитIыр - Хьэсенрэ Хьэрунрэ - фронтым Iухьащ зауэр кьиззэрихьейуэ. ЩIэныгъэм адэкIэ хуеIэми, Iэмалынщагъэм къыхэкIыу ныбжьыщIэ цIыкIуэхэр цIыхубзхэм ябгъурыуват, зауэм дэкIа я адэхэм, шынэхъыжьхэм я кьалэнхэр ягъэзэщIэну. ЩIалэхэм я адэм и ныбжьыр зэрыхэкIуэтам къыхэкIыу зауэм дашатэкъыми, илъэс 11 зи ныбжь Азэмэт абы дэщIыгъуу сыт хуэдэ лэжьыгъэри колхозым щрихьэкIащ.

Гъащ1эм игъэунэху хуэдэт ныбжьыщIэм и шыIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ здынэсыр. 1942 гъэм, хьэлъэу сымэджа нэужь, дунейм ехыжащ Азэмэт и адэр. Ар гуаузешхуэт унагъуэ псом я дежкIэ, ауэ гузэвэгъуэр и закъуэу якIуэркъым жыхуаIэ псалъэжьыр нэрылъагъу дыдэ щыхъуат АфIэунэхэ я деж. Фронтым хахуэу щызауэурэ и псэр итащ Азэмэт и къуэш нэхъыжь Хьэсен.

Гуауэшхуэхэр зэкIелъхьэужьу зытепсыха унагъуэм закъыхуэужьыжьыну къащIэкIынтэкъым, ныбжьыщIэм къарурэ зэфIэкIыу, ерыщагърэ псэемыблэжагъыу хэлъыр мыхъуамэ. Фашистхэр ди щIыпIэм къащихьами къэрабгъэу зыкъигъэльэгъуакъым абы, атIэ унагъуэм ятеубгъуауэ, и анэ тхъэмыщкIэмрэ и шыпхъуэхэрэ бий бзаджэм зэращихъумэным яужь итащ.

Нэмыцэхэр ди республикэм ирахужа нэужь, Азэмэт къыдалъхуахэмрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ ящIыгъуу колхозым щылэжьащ. Еджэнымр зи гум имыкъу ныбжьыщIэм илъэсибл школри къихухьажащ. ИужькIэ Бахъсэн дэт мэкъумэш еджапIэм механизатор IэщIагъэри щызригъэгъуэтыжащ икIи комбайнеру, бригадэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ хозяйствэм щылэжащ.

Сыт хуэдэ IэнатIэ Iумытами, ныкъусаныгъэншэу, фIыщIэрэ щытхъуэрэ пылъу ирихьэкIащ АфIэунэм. ЕхъулIэныгъэу лэжьыгъэм щызыIэригъэхьахэм папщIэ Азэмэт мызэ-мытIэу Москва и ВДНХ-м ягъэкIуауэ щытащ. Абы къыщыхуагъэфэща медалхэр, ЩIыхь тхылъхэр, тыгъэ лъапIэхэр ноби иригушхуэу щахъумэ абы и унагъуэм.

Гуауэри гуфIэгъуэри къыдэзыгуэш гъащIэ гъусэ АфIэунэм хуэхъуащ и щхьэгъусэ Закрэт. А тIум зэдагъэтащ икIи зэдапIащ бынитху. Людмили, Светлани, Iэминати, Зураби, Аслъэнбэчи щIэныгъ, IэщIагъэ яIэхэу, унагъуэ щхьэхуэ хъужахэу мэпсэу.

Зи сабиигъэр, щIалэгъуэр гугъуехькIэ гъэнщIауэ щыта АфIэунэ Азэмэт и гъащIэр нобэ хуагъэдахэ и бынхэм, и къуэрылъху-пхъурылъху щIыкIуэхэм.

**КъАРДЭН Тамбий.**

● Дзэлыкъуэр зэрыгушхуэхэр

Бжьахъуэ Хьэбдин

Бжьахъуэ Тlалиб

Бжьэныкlэ Исмэхьил

## Щэрданым и вагъуэ

**Щэрдан Iэбу Хьэжмурат и къуэр 1928 гъэм накъыгъэм и 26-м Дзэлыкъуэкъуажэ къыщалъхуащ. 1946 гъэм абы дыщэ медалкIэ къуажэ школыр къиухащ. Тбилиси дэт къэрал университетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр диплом плъыжькIэ 1953 гъэм къиухри, бзэ щIэныгъэмкIэ аспирантурэм щIэтIысхьащ.**

Щэрдан Iэбу

АКАДЕМИК Чикобавэ Арнольд и унафэм щIэту щIэныгъэхэм я кандидат диссертацIэр 1955 гъэм пхигъэкIа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжри, пединститутым лэжьэн щыщIидзащ.

Щэрданыр ди республикэм и мызакъуэу, къэралым и нэгъуэщI щIыпIэ куэдми фIыуэ къыщацIыху щIэныгъэлIхэм ящыщщ. Ар тхыльитI хъуэ щIэныгъэлI гупым я Iэдакъэ къыщIэкIа «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» монографием, «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ псалъалъэм» елэжьахэм ящыщщ, адыгэбзэми, урысыбзэми, Урысей Федерацэм щызекIуэ адрей лъэпкъыбзэхэми ятеухуауэ тхыгъэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIащ Iэбу.

Профессор Щэрданыр урысыбзэмкIэ кафедрэм и унафэщIу, филологиемкIэ факультетым и декану щытащ, нужьрей илъэхэм урысыбзэмрэ бзэ щIэныгъэмкIэ кафедрэм щылэжьащ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

## УзэщIакIуэ

**Дзэлыкъуэкъуажэ къыдэкIащ жылэм и тхыдэ къулейм зи гъащIэрэ гуащIэкIэ хуэфащэу, къызыхэкIа лъэпкъым и къэкIуэнум телажьэу, лIыгъэ яхэлъу псэуа, ноби псэу лIыфI куэд. Абыхэм ящыщщ КIурашын БетIал. А псалъэхэм япкрылъ мыхьэнэр зэрыпэжым щыхьэт тохьуэ БетIал и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ.**



КIурашын БетIал

ЦIыХУМ бгъэдэлъ зэчийр абы къыдалъхуа фIыгъуэщ. КIурашыным и творчествэм нэхъ щыщIэсыр, «УсащIэщIар телевиденэм щыщIылэжьа илъэсхэрщ. Зи лэжьыгъэр иунэтI литературэмрэ драмэмкIэ къудамэм къуэпс куэдкIэ къепхат республикэм щыIэ щэнхабзэ, гуэзджэ IэнатIэхэр. Ар сэбэп яхуэмыхьуу къанэртэкъым и Iэдакъэ къыщIэкI тхыльхэмрэ статьяхэмрэ. Тхэным гу хуэзыщIар щIэмычэу йоджэ, щIэмрэ щIэщыгъэмрэ къыщигъэт гъуэгум димыдзыхьу. А хабзэм текIаяжьи КIурашын БетIал псэуху. И япэ тхыльыр къыдигъэкIащ 1969 гъэм. «Хасэ» жиIэу абы ирита фIэщыгъэм ищхьэкIэ къыжьIи гупсысэм ухуешэ: адыгэхэм лIэщIыгъуэкIэ къадекIуэкIа зэхьихьэм и мыхьэнэрэ и къэухькIэ БетIал къызэщIеубыдэ икIи зэпкърех лъэпкъ литературэм, щэнхабзэм, гуэзджэм, Iуэрыуатэм, тхыдэм, хабзэм ятеухуа Iуэхугъуэхэр. Япэ тхылъым якIэлъыкIуащ «ЦIыхуфэ усакIуэм и псэ хьэлэлыр» (1978 гъ.), «Улэсэ» (1979 гъ.), «ФIэкIуэ апщий!» (1991 гъ.), «Гъуазэ» (1996 гъ.), «Этюды о поэте и человеке» (1975 гъ.).

КIурашын БетIал и тхыгъэ щхьэхуэхэм, и публицистикэ статьяхэм, этюдэм, эссехэм куууэ щызэпкрихащ Щоджэнцыкlу Алий, КIыщокъуэ Алим, ПащIэ Бэчмырзэ, КIэрашэ Тембот, Мэзыхьэ БокIуэхуэм и Iэдакъэщ1экIэхэр. ПащIэ Бэчмырзэ теухуа псалъэ». КIурашым и кьалэмыр нэхъ жану игъабзэу, и псалъэхэр гущIэкIэ нэхъ игъэхуабзу къыпщохьу ар Щоджэнцыкlу Алий и гъащIэм, и тхыгъэхэм, усакIуэшхуэм псынэпсу къабзэ и адыгэбзэм щытетхыхьым деж. Апхуэдэ гупсысэ уигу къэмыкIынкIэ Iэмал иIэкъым абы триуха «Дыгъэпсым пэлыд тхыгъэхэр», «Этюды о поэте и человеке» тхылъхэм, «Бзэ къэ ищIэрт», «ЦIыхуб усакIуэм и псэ хьэлэлыр», «УсакIуэшхуэм и гъащIэ налъэ», «Алий и письмохэр» жыхуиIэ статьяхэм укъыщеджкIэ.

ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ, щIыжаIэжыр абы и лъэпкъэгъуэм зауэзщIын папщIэ хуэзфIэкIар какъальэтэр аращ. Дэ дызэреплъымкIэ, КIурашын БетIал нобэми къакIуэнуми хуэгъэпса и Iэужьхэм яIэ мыхьэнэмкIэ ДзэлыкъуэщIым зы зэман щыпсэуэ узэщIакIуэхэу Нэгумэ Шорэ, КъудзокъуэТ Лакъымэн, Къэшэж Тlалиб сымэ ябгъэдэбгъэувэну хуэфащэщ.

Дэ дрогушхуэ апхуэдэ цIыху ди кьуажэ къызэрыдэкIам.

**АБЫКЪУ Дотэ.**

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб

## Абыкъухьэблэ

Поэмэм щыщ пычыгъуэ

Сыныхуоусэр сэ ди къуажэм,
Зэман блэкIахэм сроплъэж...
ЩIэмычэу си гур Iэджэм мажэр:
Зэм тхыдэщ, зэмм гукъэкIыжщ.
Зэми, гупсысэм хэзэрыхьу,
КъощIэрэщIэж сигу къинэжар,
Дуней къытхуагъэнам лъэрыхьу
Тета нэхъыжьхэм жаIэжар.
Къум щIыпIэм итыр псы хуэлIамэ,
Хуэпабгъэм хуэдэу псы ефэн,
Къельыхьуэ псалъэ си кьалэмым -
Си Абыкъухьэблэм хуэфащэн.
Пщэдджыжь пшэкIэплъыр
дыхьэрэну
Дзэлыкъуэ псыхъуэм мэхъур дзэ,
Дыгъэм и бзийхэр хиухуанэу,
Пшэху Iувым хухедыкI и нэз.
Салъхьыну кьабзэ акъужь мащIэр
Къздабэ хъупIэхэм щоджэгу,
ЗыщIагъэкъуауэ уафэ лъащIэм,
Къурш щхьэхуэхэм къызэIуах я нэгу
... Сытетщ уи бжьэпэм, адэ лъахэ,
СныныхуохкIуэж, си анэ куэщI.
СоIэтыр уэркIэ си щхьэр лъагэу,
Уэ къызыбот кьэру мыкIэщI.
Сныныпэджэжу уэ уи тхыдэм,
Уи уэрам бгъуфIэхэм сыдэтщ,
Си гущIэм нуру къыхуэлыду,
Уэ уи кьежьапIэр нэгум щIэтщ.
Къэбэрдеищым мызэ-мытIэу
ЩIыпIэпхъуэну къыпхуихущ,
НэгъуэщIым хуэпэжьэн умыдэу,
Гумыпсым и бгъум унэсащ.
Ар адыгэщIым и зы кIапэт
Къызэриухуэрэ дунейр,
Ущипсэнумэ - псэупIэт,
Си къуажэри арат зыхуейр.

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб

## Абыкъухьэблэ

Поэмэм щыщ пычыгъуэ

ЩIым гъавэ бэвыр
къыщагъэкIырт,
Я IэщIыр хуэдэт вагъуэпэбж.
Сэ си къуажэгъуэхэм
куэд ялъэкIырт:
А псор дэфтэрэхэм кьаIуэтэж.
Тхьэм кьаритауэ я Iэзагъэр
Хэку псом цIэрыIуэу зэлъащIыст:
Iэпслъэпсыр, уанэр зи Iэщ1агъэ
Си Абыкъухьэблэм куэду дэст.
КъыхащIыкIыфу сытри гъущIым
Си къуажэ гъуэIэхэр есат,
Адыгэ щIакIуэу фыхэхэм ящIым
Я щIытхъур Бытырбыху нэсат,
Шууейхэр дэсхэт хьэблэ къэскIэ,
Шыгъажэ хъуам лъэрытемытт.
Псыхуабэ щIыпIэм ис щэрджэсхэр
ЖезыгъэIахэм ялэ дитт.
КъыдокIыр сэ си Абыкъухьэблэм
Лъэпкъ тхыдэм хыхьэу
лъагъуэ куэд,
ЩIаджэныкIыр нобэ ахэр щIэблэм,
ЯIэнукъым абыхэм кIуэд.
ЩIэныгъэ кууэхэм Москва кьалэ
Адыгэу ялэу щыхуеджар -
Къуэдзокъуэ Мухьэмэд и щIалэ -
Лэкъымэн - ди къуажэрщ
къыщалъхуар.
Лэкъымэн щыщIыкIым урыскъану
Уэркъ унагъуэшхуэм иратат,
КъыфIащри Дмитрий,
Москва кьанэу
Щеджэну гъуэгу хуэIуахат.
Къеухри университетыр,
Адэжь щIыналъэм къьеззэж...
... ГуфIэгъуэ зэфэзэщым хэту.
Мес, Абыкъухьэблэм мыхуокIуэж.
И пащхьэм губгъуэр щощIэращIэ,
Псынэпсу къабзэщ уафэ лъащIэр.
Псэ пыт къыфIощI Гумыпс ежхьым,
И Iэплъэр къуажэм къызэIуехыр.
Нэгу зэIуахкIэ къыпежьауэ,
Къудамэр жыгхэм къыхуаший.
ГущапIэ Iэфlу а жыг жьауэм
Щагъэжеящ ар щысабийм...
... Лэкъымэн, щапIами щыпIэ
жьыжьэм,
ИщIэжырт къыщежьар и къуэпс,
И адэ жьэгу зыщимыIэжьэу
Абы Iуэху ихэм зыхуегъэпс.
Абыкъухьэблэжьым щыщ
шэрджэсыр
Яхуэхъурт тетхэм чэнджэщагъу,
Нэгумэ Шорэ и шу гъусэт,
Лермонтовыр и ныбжьэгъут.
ХэмыкIыу зэи и гулыитэ,
ЩIыгъут Хьэтохъущокъуэхэ
Къазий,
Щагъаблэрт, нуру зэщIэлыдэу,
Лъэпкъ гущIэм щIэныгъэм
и бзийр.

## Псалъэгъуэ

**Сыныхуоусэр сэ ди къуажэм,**
**Зэман блэкIахэм сроплъэж...**
**ЩIэмычэу си гур Iэджэм мажэр:**
**Зэм тхыдэщ, зэмм гукъэкIыжщ.**
**Зэми, гупсысэм хэзэрыхьу,**
**КъощIэрэщIэж сигу къинэжар,**
**Дуней къытхуагъэнам лъэрыхьу**
**Тета нэхъыжьхэм жаIэжар.**
**Къум щIыпIэм итыр псы хуэлIамэ,**
**Хуэпабгъэм хуэдэу псы ефэн,**
**Къельыхьуэ псалъэ си кьалэмым -**
**Си Абыкъухьэблэм хуэфащэн.**
**Пщэдджыжь пшэкIэплъыр**
**дыхьэрэну**
**Дзэлыкъуэ псыхъуэм мэхъур дзэ,**
**Дыгъэм и бзийхэр хиухуанэу,**
**Пшэху Iувым хухедыкI и нэз.**
**Салъхьыну кьабзэ акъужь мащIэр**
**Къздабэ хъупIэхэм щоджэгу,**
**ЗыщIагъэкъуауэ уафэ лъащIэм,**
**Къурш щхьэхуэхэм къызэIуах я нэгу**
**... Сытетщ уи бжьэпэм, адэ лъахэ,**
**СныныхуохкIуэж, си анэ куэщI.**
**СоIэтыр уэркIэ си щхьэр лъагэу,**
**Уэ къызыбот кьэру мыкIэщI.**
**Сныныпэджэжу уэ уи тхыдэм,**
**Уи уэрам бгъуфIэхэм сыдэтщ,**
**Си гущIэм нуру къыхуэлыду,**
**Уэ уи кьежьапIэр нэгум щIэтщ.**
**Къэбэрдеищым мызэ-мытIэу**
**ЩIыпIэпхъуэну къыпхуихущ,**
**НэгъуэщIым хуэпэжьэн умыдэу,**
**Гумыпсым и бгъум унэсащ.**
**Ар адыгэщIым и зы кIапэт**
**Къызэриухуэрэ дунейр,**
**Ущипсэнумэ - псэупIэт,**
**Си къуажэри арат зыхуейр.**



Дзэлыкъуэкъуажэ и нобэрей теплъэр.

● Лъэпкъ Iуэху

# КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Iутlыж Борис и фэеплъ Адыгэпсо щIалэгъуалэ зэпеуэ

IутIыж Борис *(1940 - 2008 гъэ.)*

Адыгэ тхакIуэ, усакIуэ, драматург Iэзэ IутIыж Борис Къунеи и къуэр и зэфIэкI лъагэхэмкIэ зи цIэр жыжьэIуа лъэпкъыбI щэджащэщ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа хэкупсэ нэсыр къызэралъхуэр илъэс 75-рэ хъунущ 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м. Адыгэ гъэлъэпIэным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэм ящыщу Тыркум щыпсэу ди лъэпкъагъу бзылъхугъэ Думэн (Iэдэмей) Акиде къыхилъхьа Адыгэпсо щIалэгъуалэ зэпеуэр. Абы и мурад нэхъыщхьэр IутIыж Борис и щIэиныр лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэу зэрыщытыр ныбжьыщIэхэм къагурыгъэIуэнырц, апхуэдэуи литературэ зэчий зыбгъэдэлъ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ наIуэ къэщIынырц.

***Зэпеуэр зэрекIуэкIыну щIыкIэр:***

1. Зэпеуэм хэтыну хуитщ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ илъэс 30-м щIимыгъуа адыгэ щIалэгъуалэр. Апхуэдэхэщ курыт щколхъэм я класс нэхъыжьхъэм щIэсхэр, лицейхэм, колледжхэм, техникумхэм щеджэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр, ахэр къэзыухахэр, апхуэдэуи лэжьапIэ IэнатIэ Iут щIалэгъуалэр.

2. Зэпеуэм къагъэхь тхыгъэхэр рассказ (новеллэ) жанрым итыпхъэщ. Абыхэм я нэхъыфIхэр иужькIэ къытехуэнущ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Зэкъошныгъэ» журналхэм.

***Зэпеуэм узэрыхыхьэну щIыкIэр:***

1. Зэпеуэм я гъэхь рассказыр (новеллэр) зытеухуа Iуэхугъуэхэр авторым еубзыху, ауэ ар щытыпхъэщ щIэбзэр щIыхугъэм, адыгагъэм, захуагъэм, пэжагъэм, гущIегъуэм, щэныфIагъэм, ныбжьэгъугъэм, еджэным, лэжьэным кьыхуезыджэу, бзылъхугъэм, нэхъыжьым пщIэрэ щIыхьрэ яхуэщIыным гу лъозыгъатэу. Абы хэт хъунукъым псалъэ мыхъымыщIэхэр, узыгъэкIытэ жыIэгъуэхэр.

2. Зэпеуэм хэт хъунущ Урысей Федерацэм хыхьэ дэтхэнэ щIыналъэми я адыгэ щIалэгъуалэр.

3. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ, къэпщытакIуэ гупхэм хэтхэм я цIэ-унэцIэхэр тетынущ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм.

4. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр (новеллэхэр) адыгэбзэкIэ тхауэ щытын хуейщ. Ахэри абыхэм ящыщ пычыгъэ туэрхэри нэгъэуэщI къыдэкIыгъуэхэм тетауэ щытын хуейкъым.

5. Зэпеуэм къагъэхь рассказыр (новеллэр) компьютеркIэ, «Arial» тхыкIэ лIэужыгъуэм и 12 инагъымкIэ къэзыщапуэ, сатырхэм 1,5-рэ яку дэлъу тедзауэ щытыпхъэщ. Ар «А4» тхылъымпIэ напэкIуэцIи 7-м къыщыщIэдзауэ 20-м щIимыгъуэм нэхъыфIщ.

6. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр (новеллэхэр) экземпляри 3 хъууэ, CD-м тет электрон вариантри и гъуэсэу щытын хуейщ.

7. Зэпеуэм къагъэхь тхыгъэхэр ахэр зи Iэдакъэщ Iэкъ Iэхэми нэгъуэщI-хэми хуагъэхьыжыркъым.

8. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр (новеллэхэр) тхылъу е тхыгъэ щхьэхуэу къыдэгъэкIыныжмкIэ унафэ зыщIыр зэхъэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэ гупырщ. Ахэр тхылъу къыдэкIми, авторхэм гонорар иратыркъым. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ гупым хуит ищIа нэужь, ахэр къытрадзэ хъунущ газетхэми журналхэми. Абы щыгъуэ гонорарым унафэ тезыщIыхьыр егъэ редакцэхэрщ.

9. Зэпеуэр зэрекIуэкI щIыкIэр ягъэнэIуэнущ Интернетым и IэмалхэмкIэ, курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэ радиохэмкIэ, «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэмкIэ, «Iуащхьэмахуэ», «Зэкъошныгъ» журналхэмкIэ.

***Зэпеуэм къагъэхь тхыгъэхэм зэрыхэплъэну щIыкIэхэмрэ пIалъэхэмрэ:***

1. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я редакцэхэм ящыщ зыми пощткIэ Iэрагъэхьэн хуейщ 2014 гъэм и дыгъэгъазэм (декабрым) и 1-м къыщыщIэдзауэ 2015 гъэм и фокIадэм (сентябрым) и 1 пщIондэ.

2. Рассказыр (новеллэр) зытхам и цIэ пэжыр мыхъуу, и нэгъэущI цIэр (псевдонимыр) тетхауэ щытын хуейщ, езанэ гуэдзэным къызэрыщыгъэзыгъэм хуэдэу. А гуэдзэныр тхыгъэм щIыгъун хуейщ.

3. «Адыгэ псалъэ» газетым къыщыщIэрагъэпэща, къэбэрдей-шэрджэсыбзэми адыгеибзэми фIыуэ щыгъуазэ тхакIуэхэр зыхэт къыхэхакIуэ гупыр рассказхэм хэплъа нэужь, нэхъыфIу къыльытахэр егъэбелджылыри, къэпщытакIуэ гупым Iэрагъэхьэ 2015 гъэм и фокIадэм и 30 пщIондэ.

4. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэр тхыгъэхэм хопльэкри, саугъэтхэр зыхуагъэфащэхэр ягъэнэIуэ 2015 гъэм и жэпуэгъуэм (октябрым) и 14 пщIондэ. Абыхэм я цIэунэцIэхэр «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм къытрадзэ.

5. Зэпеуэм къагъэхь рассказхэр къыщапщытэкIэ, гулъытэ хуащIынущ:

- абы хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэм;
- тхыгъэм иЭ гъэпсыкIэм;
- ар зэрытха адыгэбзэм и кьабзагъымрэ дахагъымрэ;
- тхыгъэр зытеухуа Iуэхугъуэм иIэ мыхьэнэм.

***Зэпеуэм нэхъыфIу къыщалъыта рассказхэр зытхахэм папщIэ ягъэува саугъэтхэр:***

1. Япэ увыпIэр зыхуагъэфащэм иратынущ сом мин 75-рэ.

2. ЕтIуанэ увыпIэр къэзыхьым иратынущ сом мин 50.

3. Ещанэ увыпIэр зыубыдым иратынущ сом мин 30.

4. Тезыгъэгушхуэ саугъэтхэр тхакIуи 4-м иратынущ. Ахэр дэтхэнэри сом мини 10 мэхъу.

ЕЗАНЭ ГУЭДЗЭН

*Мы си лэжьыгъэр хуэзгъэхьэзырац адыгэ тхакIуэ, усакIуэ, драматург Iэзэ IутIыж Борис Къунеи и къуэр къызэралъхуэр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу къыхалъха Адыгэпсо литературэ щIалэгъуалэ зэпеуэм. Ар нэгъуэщI щIыпIэ нэхъапэкIэ тетакъым. Лэжьыгъэр тхащ зэпеуэм къигъуэв мардэхэмрэ щыщалъхэмрэ изагъэу.*

*2015 гъэм* _____/ ____/

_____ *(IэщIэдзыр)*

*Си цIэ щэхур (псевдонимыр):* _____

*Си лэжьыгъэм и фIэщыгъэр:*

*1.* _____

_____

*2.* _____

*Лэжьыгъэр зейм и унэцIэр* _____

*и цIэр* _____

*и жып телефоныр* _____

*@ mail хэщIапIэр* _____

*Щыпсэу къуажэр, къалэр* _____

Тхыгъэхэр къевгъэхь хъунущ мы электрон пощтхэм: 5marina55@mail.ru е adyqhe@mail.ru

Къумахуэ Мухьэдин Маргиев Таймураз щIыхь тхылъ ирет.

Пщащэхэр сурэтхэм йоплъ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Къущхьэ сурэтыщIхэм я гъуазджэ лъагэр

**Сурэтыщ I гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченко Андрей и цIэр зезыхьэм, къыщызэIуахащ «Осетинский колорит» зыфIащауэ гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр иджыблагъэ Владикавказ щIалэгъэльэгъуащ. Осетие Ищхъэрэм и Сурэтыщ Iхэм я зэгуэныгъэм хэтхэм ящыщу цIыху пIыщIым я лэжьыгъэхэр иджы Налшык зэрыщагъэльагъуэр гуапэщ. Выставкэм хагъэхьащ живописым, графикэм, скульптурэм, декоративно-прикладнай гъуаджэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм щыщ лэжьыгъэ тхущIым щIигъу.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** жиIащ Iуэху гуапэм ди лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр, зэгурыIуэныгъэр зэригъэбыдэр, республикитIым я сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр зэбгъапщэмэ, зэщхь куэд зэрыхэпльм гу зэрылъытптэр.

- Мы гъэм я къущхьэхэм я сурэтыщI гъуазджэм етIуанэу дыхоплъэ. Куэд щIакъым Реваз Нарт и лэжьыгъэхэр ди щIыпIэм зэрыщагъэльагъуэрэ. Дэтхэнэ сурэтми уеплъыну гухэхъуэщ, - жиIащ Къумахуэм.

Осетие Ищхъэрэм къикIа-хэм я цIэкIэ зэIущIэм къыщыпсэльащ УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Осетие Ищхъэрэм и Сурэтыщ Iхэм я зэгуэныгъэм и унафэщI **Маргиев Таймураз**. Абы зэрыжиIамкIэ, я щIыналъэм и Сурэтыщ Iхэм я зэгуэныгъэм щIыхь 200-м щIигъу хэтщ икIи ар хъыззэрэгъэпэщэрэ мы гъэм илъэс 70 ирокъу.

Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ зи ныбжькIэ зэхуэмIдэ сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэр. Абыхэм щыбольагъу Осетие Ищхъэрэм и Iуэрыдэр, и Iуэрыlуатэр, и нобэрей псэукIэмрэ и цIыхухэмрэ.

Савлаев Сергей и «Пщыхьэщхьэшхэ», Тасоевэ Тинэ и «БлэкIар», Касоев Лаврентий и «Ягъэса мыIэрысей», Плиев Валерэ и «Пльэмыжьжь», Маршев Таймураз и «Ушх нэужьым», Кодоевэ-Пироевэ Софье и «Гъэмахуэ пщыхьэщхьэ» лэжьыгъэхэр узыгъэгупсысэщ, куэд къызэщIэзыубыдэщ.

Зэхьхьэм къыщыпсэльащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Кебеков Владимир**, КъБР-м и Сурэтыщ Iхэм я зэгуэныгъэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий**, осетинхэм я «Ныхас» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщI **Сугкоев Рэмзэн**, нэгъуэщIхэри.

Къыхэгъэщыпхъэщ илъэс пщIы бжьыгъэхэм щIигъуауэ мыпхуэдэ Iуэху дахэ республикэм зэрыщымкIуэкIар. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Iуэху гуапэр зи жэрдэмыр Темыркъан Геннадийщ. Мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ зыбжанэ мы гъэм Налшык щекIуэкIащ. Зэхьхьэм щыжаIащ республикэхэм щэнхабзэм теухуа Iуэху зэдащIэу зэраублэжар зэрагуапэр, дяпэкIи абы пыщэн зэрыхуейр.

Осетинхэм я сурэтыщI гъуазджэ лэжьыгъэхэм еплъыну гупыж зыщI дэтхэнэми иджыри зэман фиIэщи, фепIэщIэк!

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Выставкэм хагъэхьа лэжьыгъэхэр.

● Футбол

# «Спартак-Налшыкыр» пшагъуэм хогъуащэ

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - 0:3 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 24-м. Цыхуи 100 епльащ.**

**Судьяхэр** Чернов (Мэскуу), Бочков (Сочэ), Талаев (Грознэ).

**«Спартак-Налшык»**: Городовой, Васильев, Науменкэ, КIыщ, Михайлов, Гузь (Гъурф, 80), Ахриев (Мэшыкъуэ, 80), ДышщкI, Къуэн 3. (Атай, 87), Бажэ, Гугуев.

**«Мэшыкъуэ-КМВ»**: Антипов, Тебэрды, Мулляр, Абидинов, Демидов, Карибов (Бай, 84), Шрейдер, Багъэтыр (Садиров, 46), Киракосян, Дзыхьмыщ (Айвазянц, 90+3), Алиев (Ибрагимов, 81).

**Топхэр дагъэкIащ**: Дзыхьмыщым, 18 (0:1). Алиевым, 75 (0:2). Ибрагимовым, 89 (0:3).

**Дагъуэ ягъыуащIащ** Тебэрдымрэ Гугуевымрэ.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ я зэIущIэр щекIуэкIа блыщхьэ маэхуэм республикэ стадионым пшагъуэр къыщхьэщыгъуэлъхьат. Абы къыхэкIыу джэгум еплъыну къэкIуа цIыху закъуэтIакъуэми ягъэгъуар мащIэ дыдэщ. Зэрамылъэгъуари нэхъыфIу къыщIэкIынущ - ди командэр апхуэдэу лъэрымыхьу щыщIар къыщIэжыгъуейщ. Абы и щыхьэтщ 0:3-уэ къызэрыхагъэщIари.

Спортым Iэмал имыIэу текIуэныгъэм ущыщIэкIэн хуейщ, армырамэ, абы щыпщIэн щыIэкъым. Мыгъэрей «Спартак-Налшыкым» кьалэн пыухыкIа иIэкъым, зэхьэзэхуэм хэт кьудеймэ аращ. Пэжщ, абы и тренерхэми щыджэгуэхэми жаIэ дэтхэнэ зэIуэIэми текIуэныгъэм щыхущIэкIыну. Ауэ ахэр псалъэ кьудейуэ аращ - топджэгур мыпъку зэдзэжь щыхъуа лъэхъэнэм ди командэр хэзэгъакъым. Къэрал ахъшэр зытегъэкIуэдэн хуей япэ игъэщIапхъэ Iуэхугъуэ Iэджи Къэбэрдей-Балъкъэрым илъщ. Абы щыгъуэми гурыIуэгъуэкъым хамэ щIыпIэ кьраша футболистхэр Махуэ щIыIэм стадионым кьэкIуэну тегушхуэ щыIу мащIэр куэдрэ гуитIщхьитIу щытакъым. «Спартак-Налшыкым» и япэ ебгъэрыкIуэныгъэр ягъэупщIыIуа иужькIэ «хьэщIэхэр» ипэкIэ кIуэтащ. Абыхэм я пашэ Дзыхьмыщ Анзор ди республикэм и щIыхьыр премьерлигэм щихъумами, лей кьызэрыхъурэ зыхьихьа «Мэшыкъуэ-КМВ»-м текIуэныгъэ куэд кьыхуеях. Мис аргуэри ар кьыхэжаныкIащ, джэгум и епщыкIуиянэ дакъикъэм бжьыгъэр кьызэIуихри.

АдэкIи тепщэныгъэр псыхуэбэдэсхэм яутIыпщакъым. ЗэIуущIэм и кIэухым иджыри топитI кьытхудагъэкIыжри, абыхэм текIуэныгъэр 3:0-у яхьащ. Япэ кьэкIуэныгъэмэ 2:0-у кьызэрыдэфIэкIар кьэпльытэмэ, Псыхуабэ щетIысха ди щIалэхэр кьешэлIэжын зэрыхуейм урегъэгупсыс. Абы папщIэ мазэ зыщыплI щыIэщ, зэхьэзэхуэр апхуэдизэманкIэ зэрыщэпагъэуэр кьэпльытэмэ.

Иджы щыгъуазэ фьхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иужьу щызэхэта джэгугъуэм кьрикIуа бжьыгъэхэм: **«Алания»** (Владикавказ) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **0:3**, **«Анжи-2»** (Мэхъэчкьалэ) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **2:1**, **«Тэрч-2»** (Грозный) - **«Динамо-ГТС»** (Ставрополь) - **1:0**. КьищынэмыщIауэ, «Ангушт» (Нэзрэн) - «Таганрог» (Таганрог) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр. 2 гуп

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **МИТОС** | 17 | 9 | 6 | 2 | 28-9 | 33 |
| 2. | **«Динамо-ГТС»** | 18 | 9 | 5 | 4 | 19-11 | 32 |
| 3. | **«Мэшыкъуэ-КМВ»** | 17 | 8 | 5 | 4 | 21-17 | 29 |
| 4. | **«Спартак-Налшык»** | 17 | 7 | 5 | 5 | 24-14 | 26 |
| 5. | **«Таганрог»** | 16 | 7 | 5 | 4 | 17-12 | 26 |
| 6. | **«Ротор»** | 17 | 6 | 5 | 6 | 23-20 | 23 |
| 7. | «Анжи-2» | 18 | 5 | 5 | 8 | 14-21 | 20 |
| 8. | «Ангушт» | 17 | 5 | 5 | 7 | 12-22 | 20 |
| 9. | «Алания» | 17 | 4 | 5 | 8 | 17-30 | 17 |
| 10. | «Тэрч-2» | 17 | 3 | 7 | 7 | 9-14 | 16 |
| 11. | «Астрахань» | 17 | 3 | 3 | 11 | 15-28 | 12 |

● Гу зылъытапхъэ

# ЗэпыщIэныгъэхэр зыгъэбыдэну Iуэху

**Щэнхабзэ щIэиныр хъумэнымкIэ «ЩIэблэхэм я хъугъуэфIыгъуэ» фондым дунейпсо зэхьэзэхуэ кьыхилъхьащ. Ар хэплъэнущ сурэт тезыхъхэм я лэжьыгъэхэм.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кьызэзыгъэпэщхэм мурад нэхъыщхьэу зыхуагъэувыж Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я щэнхабзэр нэгъуэщI щыпIэхэми кьыщагъэцIыхуныр, ди тыдзэр, щыцIыхуэпсым и дахагъэр цIыхухэм зыхраГъэщIэнри, сурэт гъуаджэр кьагъэсэбэну, щагъуэлъэр зэхашэнри, лъэпкъхэм я блэкIамрэ нобэмрэ, я ехъулIэныгъэхэр абыхэм кьыгурагъэIуэныр. Мы Iуэхум и фIыгъэкIэ дапыща хъунущ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм. Урысеим и щэнхабзэмрэ гъащIэмрэ ахэр кьыхихьэжьныимкIэ мы зэхьэзэхуэр сэбэн хъуну щогугъ ар кьызэзыгъэпэщхэр.

Зэхьэзэхуэр Iыхьэ зыбжанэу гуэшауэ щытынущ: тхыдэ щIэин, зыгъэпсэхугъуэ, театрымрэ киномрэ, щIыуэпсым и теплъэкIэ, спорт. КъедбжэкIахэм мыхьэнэкIэ хуэкIуэ сурэтхэрщ зэпеуэм ебгъэхь хъунур.

Пэжыгъэхэр 2015 гъэм щIышылэм и 25 пщIондэ кьыIах. Ахэр здебгъэхьынум, зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIынум теухуауэ хьыбар кьыщыфщIэ хъунущ http://www.dostoyanie-pokoleniy.ru/ сайтым. Гу зылъытапхъэщ: зэхьэзэхуэм ухэтыным уасэ гуэр тохуэ.

***КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ Iапх.***

# «Ажалыр щащэр жыIэ!»

**а фIэщыгъэм щIэту Къэбэрдей-Балъкъэрым щэкIуэгъуэм и 17 - 28-кэм щокIуэкI наркотикым ебгъэныимкIэ урысейпсо акцэ.**

КЪЭДГЪЭЛЪЭГЪУА зэманым къриубыдэу Урысеим Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъым и Iуэхущ Iапх Iэу КъБР-м щыIэм республикэм щыпсэухэм зыхуагъаза хъунущ наркотикхэр гъэхьэзырыным, ахэр щэным, хъумэным, апхуэдэуи зэхьэзэIэным ехьэлIа щIэп-хъаджагъэхэм теухуа хъыбар ирагъэIэн папщIэ. КъищынэмыщIауэ, зи бзаджэм итхьэкъуахэмрэ абыхэм я Iыхьылхэмрэ чэнджэщ иратынырц къызэрагъэпэщынущ.

Фыкъэпсалъэ хъунущ «дзыхь зрагъэз телефонхэмкIэ»: 49-21-05, 8-800-100-70-77.

***Урысеим Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъым и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапх.***


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ Iэпыдзэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжр редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапх-хэм ядэлжьэныимкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэм-кIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэнныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапх Iэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэц:* **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Элэ, редактору Нэщ Iэпыдзэ Замирэ, корректору Щоджэн Заирэ,** *корректорым и дэIэпыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Мариэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырац.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 3.648 ● Заказ №2275**